

Novanm / Desanm 2009

# Yon Pyèj pou Timoun

Howard Bean

Men yon lide pou lekòl yo chwazi nouvo pwofesè : Kite etidyan yo fè entèvyou e evalye nouvo kandida pwofesè yo. Nan nò vil lond, peyi Angletè, yo te envite elèv tankou adolesan apati dizan pou patisipe nan chwazi nouvo pwofesè. Kandida pwofesè yo te pase yon ti entèvyou tou kout ak elèv yo e elèv yo te ba yo nòt. Sendika pwofesè yo pa t' renmen lide a.

Yon patisipasyon konsa ta sipoze pouse valè tèt etidyan yo. Men kèk espesyalis ki pa kretyen bay avètisman kont bay tèt ou twòp valè.

Pa egzanp, nan yon liv, Pyèj Estim Pèsonèl, Polly Young-Eisendrath obsève ke sila yo ki te fèt ant 1970 e 2000 gen tandans pa kontan paske paran yo e pwofesè yo te kiltive nan yo menm yon santiman ke yo gen dwa. Sikològ sa a rele pwoblèm yo a pyèj estim pèsonèl. Li wè sa kòm yon pwoblèm kiltirèl ki te kòmanse ozanviwon lane 1980, lè te gen yon gwo anfas sou valè tèt kote paran te ofri anpil prèv e antouzyas pou fè timoun yo santi yo estraodinè, olye ede timoun yo reyalize e asepte fòs yo e feblès yo ; sa vle di, yo gen gwo valè, men yo òdinè.

Lè timoun devlope yon santiman ke yo gen dwa, yo gen tandans vin antyoutyout, mekontan, santi presyon pou yo estraodinè, gen traka pou asepte responsabilite epi lite ak santiman siperyorite oubyen enferyorite. Olye santi yo kontan, pozitif e kapab, timoun konsa santi yo dekouraje e fristre.

Paran ki saj anseye yon timoun pou li « pa mete nan tèt li ke li plis pase sa li ye. Men pou li konsidere tèt li dapre sa Bondye ba li » (Women 12 :3). Kominike ak timoun yo ke yo chak resevwa

lamou e gen valè nan je Bondye e Bondye apresye yo – plis ou encheri yo e respekte yo tou. Pèmèt yo tandè ke w'ap di Bondye mèsi pou yo. Fè lwanj yo ak jistis e jenewozite. Pa flate oubyen egzajere abilite yo e enpòtans yo. Ede yo wè fot yo, feblès yo e peche yo. Koriye yo. Se pou ou yon egzanp imilite, koutwazi, respè pèsonèl, sèvitè Bondye. Dirije timoun nan nan grandè e pisans Bondye. Yon mòn konpare favorableman ak yon ti bit tè jistan zetwal yo imilye toulede.

Pa devlope nan timoun yon santiman ke yo gen dwa men okontrè ke yo endiy. Tankou Jakòb te di : « Mwen menm k'ap sèvi ou la, mwen pa wè poukisa ou fè m' tout favè sa yo, poukisa ou toujou kenbe pawòl ou avè m' » (Jenèz 32 :10).

Atik sa a soti nan  
Midwest Mennonite Focus  
Editè : Howard Bean  
Itilize avèk pèmision

# Itilize Kesyon pou Gide Lekti Timoun

*Shirly Brubacher*

Atik sa a pale nou sou kesyon yon moun kapab poze nan klas lekti oubyen nan nenpòt klas kote elèv yo bezwen fè lekti.

- Poze kesyon anvan ou li istwa a pou timoun yo gen yon bagay espesyal pou li siveye. « Ki moun ki te gen yon bagay pou sakrifye ? E ki sakrifis li te fè ? Pare pou di mwen kouman li te santi li konsènan sakrifis ki te fèt la ». Kèkfwa nan klas syans sosyal oubyen klas lòt syans, lè mwen pa gen tan pou li ak klas la, mwen di yo pou yo prepare twa bagay yo te dekouvri lè yo te li poukont yo.

- Jwenn lide prensipal la, pou tout istwa a oubyen pou kèk paragaf. « Nou ta kapab bay paragaf sa a tit \_\_\_\_\_ ».

- Chache fraz ki bay sijè a.

- Bay istwa a yon tit diferan. Olye « Sakrifis la », petèt yo ka sijere « De ti bèf yo » oubyen « Moli e Vwazen an ».

- Tanzantan mande timoun yo bay esperyans pèsonèl yo ki mache ak sijè a. Pa egzanp, kite yo esplike ou yon lè yo te dwe sakrifye yon nouvo rad oubyen yon vwayaj pou ale Pòtoprens.

- Poze kesyon konsènan bagay ki kapab dedui nan istwa a. « Sa ki fè nou konnen ke fanmi Moreli pa t' gen bèt depi lontan ? »

- Poze yo kesyon Poukisa. « Poukisa figi Papa li te sonm pandan li t'ap koute moun ki t'ap pale nan telefòn nan ? » « Poukisa Msye Witne te pantan e gade jaden an ? » « Poukisa Msye Witne te bwate atravè lakou a pou ale kote Raf ? » « Poukisa tit istwa a se 'Sakrifis la' ? »

- Chache konnen ki mo pwonon yo ranplase a. « Lè Msye Witne di li va bon pou sa fèt, kisa li vle di ? »

- Anseye sekans. « Kisa Raf te bezwen fè anvan li te kapab achte yon ti bèf ? » « Kisa ki te rive

apre Raf te koupe bwa pou vwazen li ? »

- Travay ak kòz e efè. « Msye Witne te chanje lespri li paske... ». Ansanm ak sa, ou kapab vle bay timoun ou yo fè pratik nan ekri fraz konplèks. Menm jenn timoun kapab vini ak fraz egzanp, malgre yo pa panse yo konplèks. « Kòm lapli t'ap tonbe, Janèt te mete bòt ». « Apre Msye Witne te tire ti bèf la, li te regrèt ».

- Travay sou yon abilite alafwa. Pou yon semèn oubyen de, konsantre sou mande klas la kantite kesyon ki mande dediksyon. Apre sa, pase nan mande kantite kesyon sekans. « Kisa ki te rive anvan... » « Kisa rena a te fè apre sa ? » Pase kèk tan sou kòz e efè. Sètènman kèk istwa mennen yo pi rapidman nan yonn nan abilite sa yo pase lòt, men kenbe lespri ou louvri pou posibilite.

- Poze kesyon an ; apre sa rele yon etidyan nan bi pou kenbe tout klas la reveye. « Kouman nou kapab di ke Msye Witne te yon vyeya ? Bobi ? » Si li trennen je li soti sou fenèt la e di : « Mm, pletil ? » Reponn konsa : « Yon moun ki t'ap swiv, di mwen ».

- Fè sèten, travay ekri a montre li te panse ak anpil swen. Si kesyon an se « Poukisa Msye Witne pa renmen animal ? » Yon etidyan kapab reponn : « Chen yo trennen fatra yo sou lakou a ». Se yon fraz konplèt, men se pa yon repons konplèt, paske li dwe gen tou ke Msye Witne te gen yon pwoblèm ak chat ki chase ekirèy e bèf ki manje jaden li.

Pou yon bagay diferan oubyen pou revize yon sijè, pèmèt etidyan yo poze ou kesyon. Si ou pa konnen repons la, ou kapab poze klas la kesyon an.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Jan. 2009  
Rod and Staff Publishers, Inc.  
Itilize avèk pèmisyon

# Prepare Ou pou Kanpe Fèm nan Inivèsite

## Baze sou yon esperyans pèsònèl

*Heidi Clugston*

Fanm sa a ki ak cheve jonn nan te toujou fè m' sezi. Miryam te wo, li te mache ak konfyans ke mwen menm m' pa t' santi. Mwen te swiv pandan li t'ap lonje papyè li a bay pwofesè a ki te gen cheve long, epè e koub. Mwen te konnen sijè a ki te nan papyè a. Li te atake sijè wete Bondye nan sistèm lekòl piblik yo e efè sa te gen sou sosyete nou an. Fòk ou konprann lekòl sa a pa t' yon lekòl relijye, se pa t' yon lekòl biblik kote papyè konsa te byen akeyi e aplodi. Se te inivèsite nan kominote nou.

Mwen menm, tou, mwen te vle yon temwen pou kamarad mwen yo. Men diferans lan se te vizyon nou. Pandan mwen t'ap tann e lapriyè pou opòtinite, Miryam te kreye opòtinite yo. Pandan mwen t'ap espere yon kesyon, yon ouvèti pou pataje jwa Jezi mwen an, li te pran devan li menm. Li te bay yon fi yon bwochi levanjil epi li te envite yon lòt etidyan vini ak li nan yon manje legliz la t'ap fè. Li te etone.

Atitid moun yo nan inivèsite yo diferan ak lòt kote, pèsonn pa enterese si mwen se yon Mizilman, yon Literyen, yon ate oubyen Menonit. Yo tèlman preche tolerans, ke pèsonn pa poze mwen kesyon. Yo senpleman asepte. Yo espere mwen fè menm bagay la. Konsa, fòk yon moun pran volontèman kouraj e se yon kouraj espesyal pou temwaye devan yo. Si mwen pi alèz pou rete dèyè e pa ofri okenn opinyon, yo va pi alèz ak mwen.

Yon jou apremidi mwen te dekouraje lè mwen te kite klas la. Ou dwe konprann pwofesè sa a, Madan Nòdstran. Li te kout, li te gen cheve gri alamòd, yon vwa pike, mouvman brisk e li te gen yon bèl abilite pou dirije yon klas etidyan antyoutyout. Men, kwayans li e moral li te terib e sanble moral anpil nan etidyan yo nan klas li t'ap anseye a. Li te kontan sans « komik yo », li te sanble ke li te menm prèske pouse yo kèkfwa. Peryòd klas sa a te pase malman. Miryam ak mwen te gade yonn lòt atravè klas la. Pandan lòt yo t'ap ri e sifle, nou te chita trankilman, ap swete e espere ke sa fini. Pita mwen te di Miryam ke

mwen te santi « mwen wont poutèt mwen se yon fanm ». Sitiyasyon an te kite mwen sal e boulvèse. Li te reponn mwen : « Nan moman konsa, ale lakay ou e li Bib ou jistan ou santi ou pwòp. Se sa ki ede mwen ». Miryam te pale ak yon etidyan ki rele Kamèn. Li te wo e li te renmen ri. Kamèn te renmen panche bèl cheve nwa li sou zepòl li, li te atiran e li te sanble gen yon mennaj diferan nan chak klas. Miryam te bay yon jwè foutbòl yon envitasyon pou vini nan yon fèt Nowèl nan legliz nou ak mennaj li. Li te di ke li se Mizilman, men li pa t' montre okenn moralite relijyon li a mande. Miryam te santi menm enkyetid mwen te genyen an pou Anbè e Brayann. Mwen te travay ak toulede pou pataje yon prezantasyon klas la. Mwen te swiv ak boulvès pandan zanmitay yo t'ap grandi. Paske, mwen te konnen ke chak jou apre lekòl Anbè te tounen lakay li pou jwenn mari li ak timoun li yo.

Yon dimanch, pandan Miryam ak mwen t'ap diskite lavi anjeneral, mwen te pataje ak li ki jan li te touche mwen ak kouraj li. Repons li te senp. « Mwen pa fè sa senpleman pou lòt moun, mwen fè sa pou mwen tou. Mwen fè sa pou kenbe mwen fò ». Pawòl li a te fè mwen sonje yon lòt kretyen ki te pale sou esperyans li nan inivèsite. « Ou ap gen difikilte si ou ale nan inivèsite ak espwa sèlman pou kenbe kretyente ou. Men, si ou ale nan inivèsite e wè li kòm yon jaden misyonè, yon plas pou evanjelize e pataje aktivman verite Bondye, ou va gen viktwa ».

Mwen te asepte ankourajman li a e mwen te deside pou itilize rès tan mwen la pou mwen pi aktif e pale libremman konsènan Sovè mwen an. Èske Bondye tèlman pa enpòtan ke mwen dwe tann yon opòtinite pou pataje Li ? Oubyen èske mwen renmen Li e kamarab klas mwen yo ase pou pale verite ak konviksyon ?

Atik sa soti nan *Companions*, Aug. 2009  
Itilize avèk pèmisyon

# « Fèt..... Jan L' Vle »

J.D.R.

**Y**on fwa mwen te tande yon moun di : « Bondye pa t' fè tout moun menm jan ». Bondye te fè chak moun espesyal pou jwe yon wòl espesyal.

Sa a se yon benediksyon. Pwofesè lekòl, komite lekòl ak paran se kèk gwoup manm ke Bondye mete nan kò kwayan lokal. Andedan gwoup sa yo, nou wè anpil bagay diferan. Kèk moun Bondye beni ak don ansèyman gen siksè nan anseye timoun klas premye ane yo aprann li. Lòt ki gen don ansèyman tou pa ta fè byen nan klas pi ba yo, men yo gen don pou anseye e ankouraje klas uityèm ane a pou pwodwi konpozisyon edifyan. Yonn nan manm komite lekòl yo kapab fò nan remake tout ti bagay ki mande repare, ranje vit e fè yo mache byen. Pandan yon lòt kapab santi fristrasyon pwofesè yo e touswit li kapab bay lide yon bon fason pou ankouraje yo. Paran (e timoun yo) gen talan e abilite diferan pou kontribiye nan fonksyonman lekòl la.

Men kèkfwa don moun yo kapab fristre nou. Pwofesè swete tout etidyan ta travay fondamantalman nan menm vitès – vitès pwofesè a mete. Manm komite lekòl lite pou konprann poukisa yonn oubyen de frè pa wè bagay yo menm jan ak rès komite a. Paran akable ak tout devwa ke pwofesè bay pitit yo. Oubyen petèt yo santi ke etidyan gen twòp tan lib nan lekòl.

Dapre ansèyman 1 Korentyen 12, nou bezwen sonje de bagay lè nou tante pou vin annwiye akòz mank abilite nou panse e wè nan lòt yo. Nou bezwen pran prekosyon pou nou pa eseye fè yon moun yon bagay pase sa Bondye gen entansyon pou li ye. « Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a, jan l' vle » (12 :18). Bondye pa t' gen entansyon pou chak moun yon manm komite lekòl ki ka repare bagay fasil, yon pwofesè klas pi ba ki gen pasyans e ki tankou yon manman oubyen menm yon etidyan ekselan. (Gen moman pafwa kote nou bezwen ede yon moun vin gen matirite oubyen domine yon feblès).

Nou gen tandans pou santi ke fason nou panse e fason nou fè bagay se byen. Men imajine yon kò ki pa anyen lòt esepite yon gwo je. Ala lèd li lèd ! Anplis sa, li pa ta kapab akonpli absoliman anyen ki gen valè. Kontribisyon mwen, oubyen nenpòt lòt moun, valab sèlman paske li fè pati kò ke Bondye prepare.

Se pou nou chak fidèl nan akonpli fonksyon nou e asepte lòt nan fason yo akonpli fonksyon yo – pou nou tout kapab pwofite e pou Bondye kapab jwenn glwa atravè travay lekòl kretyen nou yo.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Apr. 2009  
Rod and Staff Publishers, Inc.  
Itilize avèk pèmisyon